



Pou Piblikasyon Imedya: 12/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL TE LANSE KONT A REBOU YON ANE A POU JE MONDYAL INIVÈSITÈ IVÈ 2023 NAN LAKE PLACID

*North Country akeyi atlèt elit espò ivè kolejyal yo nan premye fwa depi 1972*

*Piblik la envite patisipe nan aktivite pou selebre yon ane depi edisyon ivè Je Mondyal Inivèsitè yo*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse lansman ofisyèl selebrasyon nan yon ane pou Je Mondyal Inivèsitè FISU 2023 yo nan Lake Placid (Lake Placid 2023 FISU World University Games). Edisyon ivè evènman echanj kiltirèl ak espò 11 jou a ap retounen nan Etazini ak Lake Placid nan 12-22 janvyè 2023, apre 50 ane li pa fèt.

"New York fyè pou li akeyi Je Mondyal Inivèsitè FISU 2023 yo nan Lake Placid epi prezante tout sa nou gen pou nou ofri pou rès monn lan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nan òganize je sa yo nan lakou nou, fanatik ak vizitè yo non sèlman pral gen opòtinite pou viv bote mèveye Adirondacks yo, men pwofite konkou ki ekspoze kèk nan pi bon atlèt nan inivèsite mondyal yo gen pou ofri".

Nan mas 2018, Federasyon Espò Inivèsitè Entènasyonal (International University Sports Federation, FISU) la te fòmèlman anonse Lake Placid ak rejyon North Country ap akeyi 31yèm edisyon Je Mondyal Inivèsitè Ivè yo. Je yo se 2yèm pi gwo evènman ivè plizyè espò nan monn lan, apre Je Olenpik Ivè yo, pou atlèt kolejyal yo ant laj 17 ak 25 ane. Pwochen evènman an janvyè a ta dwe atire 1,600 atlèt apati 50 peyi ak 600 inivèsite pou patisipe nan 12 espò ak 86 evènman, avèk yon kantite meday egal pou fanm ak gason.

Je yo pral atire plizyè milye amatè ak fanatik espò ivè nan Lake Placid ak kominote ozalantou North Country yo, sa gen ladan Canton, North Creek, Potsdam, Saranac Lake and Wilmington, pandan atlèt elit sa yo ap batay pou meday nan eski alpin, biathlon, eski randone, curling (glise wòch), patinaj atistik, freestyle ak freeski, hockey sou glas feminen ak maskilen, konbine nòdik, patinaj vitès sou pis kout, so eski, planch a nèj ak patinaj (pis long).

**Prezidan Pa Enterim FISU, Leonz Eder, te deklare,** "Se imilyan pou nou wè kijan yon vil tankou Lake Placid kapab kreye yon eritaj espòtif ki tèlman djanm. Sa gen ladan òganize Je Olenpik Ivè 1932 ak 1980 yo ak Je Mondyal Inivèsitè FISU 1972. Nan non

tout moun isit la nan FISU, nou swete nou tout sa ki pi bon pandan n ap kontinye preparasyon nou pou je sa yo ki sèlman manke yon ane pou fèt. Mwen pa ka tann pou m vizite Lake Placid nan okazyon evènman Chanpyona Monn Inivèsité Patinaj Vitès FISU 2022 a epi jwenn yon enpresyon pèsonèl sou preparasyon pou je yo".

**Direktè Operasyon Komite Òganizatè Lake Placid, Ashley Walden, te deklare,** "Sa gen 50 ane depi Lake Placid ak rejyon North Country te akeyi pou dènye fwa Je Mondyal Inivèsité FISU yo. Nou onore pou nou gen opòtinite sa pou tounen mete monn lan ansanm nan echanj espòtif ak kiltirèl. Nou pa ka tann kont a rebou jou ki rete yo anvan kòmansman Je Mondyal Inivèsité FISU 2023 nan Lake Placid yo".

Pou selebre sèlman yon ane anvan je yo, Lake Placid 2023 te òganize plizyè evènman nan rejyon an. Yo gen ladan:

- Samdi 15 janvye ak dimanch 16 janvye - Fèt nan Gore Mountain nan North Creek ak Whiteface Mountain nan Wilmington. Ant midi ak 4 p.m., pratikan eski, planch a nèj ak vizitè yo kapab jwi mizik, konkou ak kado nan chak nan teras kabàn baz la. [Adirondack Mac](#), maskòt ofisyèl Je Mondyal Inivèsité FISU 2023 nan Lake Placid yo, pral fè pakou chak estasyon, poze pou foto ak siyen otograf.
- Lendi 17 janvye - Curling nan limyè lalin anba plèn lin nan Lak Mirror Lake Placid soti 6:00 rive 8:00 p.m. Fèt yo gen ladan tou mizik an dirèk, dife ak chokola cho.
- Vandredi 21 janvye - Adirondack Mac ale nan Canton, kote ekip hockey sou glas feminen SUNY Canton lan pral rivalize ak SUNY Potsdam. Mac pral sou plas pou akeyi fanatik yo ak pou fè foto. Wondèl la ap tonbe nan 7:00 p.m.
- Samdi 22 janvye -Seremoni leve drapo Je Mondyal Inivèsité FISU a. Evènman sa a, ki pwograme pou 2:30 p.m. nan Mid's Park nan Lake Placid, souvan vle di North Country se pral pwochen òganizatè Je Mondyal Inivèsité Ivè yo.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rejyonal Devlopman Olenpik la (Olympic Regional Development Authority, ORDA) Mike Pratt te deklare,** "Ekip ORDA a te angaje konplètman nan rann Je Mondyal Inivèsité a yon gwo eksperyans pou atlèt ak espektatè yo, epi nou pa ka tann pou konpetisyon yo kòmanse. Nou byen prepare pou santye ak patinwa nou yo akeyi monn lan yon lòt fwa ankò".

**Komisè pa Enterim ak Direktè Egzekitif ak PDG yo deziyen pou Empire State Development lan, Hope Knight te deklare,** "Je Mondyal Inivèsité Ivè a pral montre atlèt entènasyonal klas mondyal yo nan konkou nan sit yo ak zòn eski yo atravè North Country. Eta New York te fè envestisman san parèy pou sipòte touris rejyon an ak enfrastrikti espò ivè a epi nou eksite pou nou kòmanse kont a rebou a pou evènman espesyal sa a ki pral resevwa ankò plis rezidan ak vizitè nan kominote Adirondack yo".

**Senatè Dan Stec te deklare,** "Se yon gwo opòtinite pou montre monn lan kijan Rejyon Nò Eta New York espesyal. Je yo pral jenere sansibilizasyon non sèlman pou Lake

Placid men tou pou tout rejyon North Country a pou plizyè ane alavni. Je sa yo non sèlman pral benefisye atlèt yo ki pral rivalize ant yo, men tou pral enfliyanse atlèt alavni yo, pandan an menm tan sa ap amelyore, sipòte ak devlope biznis lokal yo".

**Majistra Lak Placid la Art Devlin te deklare,** "Lè Lake Placid te resevwa Je Mondyal Inivèsitè FISU yo nan mas 2018, Lake Placid te tounen yon koloni aktivite. Sit olenpik nou yo te sibi yon revitalizasyon total. Nan moman Je Mondyal Inivèsitè FISU yo vini nan Lake Placid, tout sit nou yo pral klas mondyal epi pral benefisye Lake Placid pou anpil ane alavni. Je FISU yo pral kite yon eritaj dèyè nan sa ki gen pou wè a amelyorasyon li pral pote nan zòn Lake Placid. Lojman abòdab, revitalizasyon Main Street ak amelyorasyon nan otèl ak biznis li yo, pou nonmen sèlman kèk grenn. Nan 12 janvye 2023, Lake Placid pral pare ak fyè pou akeyi monn lan yon lòt fwa ankò".

**Sipèvizè Vil North Elba, Derek Doty, te deklare,** "Sa se yon moman eksitan pou North Elba ak gran rejyon Adirondack. Pandan preparasyon yo ap kontinye anvan Je Mondyal Inivèsitè FISU 2023 nan Lake Placid yo, kont a rebou yon ane a ofri rezidan ak vizitè yo yon chans pou selebre je yo ak rejyon an, aprann plis sou fason pou patisipe ak ede asire sa yo se pi bon je".

**Sipèvizè Vil Wilmington, Roy Holzer, te deklare,** "Vil Wilmington, Kay Whiteface Mountain, trè eksite pou patisipe nan je yo. Tout kominote a enpasyon pou akeyi atlèt ak vizitè yo nan rejyon nou an".

Fanatik yo kapab swiv preparasyon k ap mennen nan je yo sou Facebook, Instagram ak Twitter avèk @lakeplacid2023, #lakeplacid2023.

Pou plis enfòmasyon sou Je Mondyal Inivèsitè FISU 2023 yo nan Lake Placid yo, konekte nan [www.lakeplacid2023.com](http://www.lakeplacid2023.com).

###

Lèt nouèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418